

Asistans Finansyè Sant Akèy Boston (The Boston Home Center)

Fèy Enfòmasyon sou Pwogram Prè pou Inite Lojman Adisyonèl

Sant Akèy Boston (Boston Home Center) ofri Pwogram Prè pou Inite Lojman Adisyonèl (Additional Dwelling Unit, ADU) pou sipòte travay Laboratwa Inovasyon nan Lojman Mè a pou ogmante aksesibilite lojman nan teste modèl inovasyon nan lojman yo. Pwogram Prè ADU a ofri finansman eka pou mèt kay ki genyen pwopriyete 1 a 3 inite nan Boston, ki kalifye epi ki swete kreye yon ADU nan kay yo. Pou plis enfòmasyon sou pilòt ADU a, ale sou: www.boston.gov/how-apply-additional-dwelling-unit-loan

Kisa benefis yo ye?

- Yon prè difere a yon to enterè zero pousan (0%) jiska **\$50,000** pou yon pwojè ADU pou pwopriyete kay youn a twa fanmi. Prè a pa genyen peman mansyèl epi pwopriyete a pa dwe toutotan li pa vann oswa transfere dwa pwopriyete byen a, oswa pa pran yon refinansman avèk retrè lajan pou kay la. (Kondominyòm pa kalifye pou pwogram sa a.)
- Pa genyen okenn egzijans kontrepati pwopriyete pou pwopriyete kay ki genyen revni pi ba pase 120% Revni Medyàn Rejyonal (Area Median Income) la (gade pi ba a). Pwopriyete kay ki genyen revni ant 120-135% Revni Medyàn Rejyonal la
 - pral dwe bay kontrepati 1:1 pou prè Vil la finanse a avèk pwòp fon yo oswa avèk yon prè labank;

Kiyès ki kalifye?

- Rezidan Vil Boston yo ki posede epi ap viv nan kay 1 a 3 inite;
- Pwopriyete kay ki gen revni anyèl fwaye a ki pa depase 135% Revni Medyàn Rejyonal la jan sa defini nan tablo pi ba a;

LIMIT AK KALIFIKASYON REVNI DEPATMAN LOJMAN AK DEVLOPMAN IBEN ETAZINI (U.S. DEPARTMENT OF HOUSING AND URBAN DEVELOPMENT, HUD)

Dimansyon Kay	Prè Zero-Kontrepati pou 120% AMI	Prè Kontrepati 1:1 pou 120-135% AMI
1- Moun	Pi ba \$ 99,950	\$99,950 - \$112,450
2-Moun	Pi ba \$ 114,250	\$114,250 - \$128,500
3-Moun	Pi ba \$ 128,500	\$128,500 - \$144,600
4-Moun	Pi ba \$ 142,800	\$142,800 - \$160,650
5-Moun	Pi ba \$ 154,200	\$154,200 - \$173,500
6-Moun	Pi ba \$ 165,650	\$165,650 - \$186,350

- Pwopriyete kay yo dwe ajou avèk tout kont Vil Boston ak kont kay yo, ladan taks sou pwopriyete yo ak fakti dlo; ipotèk ak asirans pwopriyete yo;
- Pwopriyete kay ki genyen mwens pase \$75,000 kòm byen finansye, swa lajan kach, aksyon nan imèb ki pa imèb prensipal, fon investisman, oswa nenpòt lòt bagay ki genyen valè, sòf valè rezidans prensipal mèt kay la epi kèk fon retrèt ak kont plan epay pou kolèj;
- Pwopriyete kay la pa t dwe resevwa asistans finansyè pou reparasyon kay nan men nenpòt pwogram Vil Boston nan dis (10) dènye ane yo, sòf fon pou retire plan.
- Pwopriyete kay ki demontre yo pare pou kontinye konstwi ADU a, sa vle di:
 - pwopriyete kay la te soumèt yon aplikasyon preliminè ADU bay Depatman Sèvis Enspeksyon (Inspectional Services Department, ISD) an, ladan plan ak espesifikasyon yo, epi te resevwa apwobasyon ISD pou ADU a; epi, b) mèt kay la kapab founi prèv li genyen ase fon (pa yon prè Boston Home Center) pou kou total devlopman (TDC) ADU a.



Asistans Finansyè Sant Akèy Boston (The Boston Home Center)

Ki travay ki kalifye?

Amelyorasyon andedan kay ki ta kreye yon inite rezidansyèl ki ofri enfrastrikti konplè epi endepandan pou viv epi ki rantre nèt nan estrikti egzistan rezidans lan.

Kijan pou mwen aplike pou Pwogram Prè Pilòt ADU a epi ki pwochen etap yo?

1. Soumèt oswa voye pa lapòs yon Aplikasyon Asistans Finansyèl Sant Akèy Boston (Boston Home Center, BHC) ki siyen epi konplè epi tcheke kare Pwogram Pilòt ADU (ADU Pilot Program) anba Pwogram pou Pwopriyete Kay (Homeowners Programs) yo. Soumèt aplikasyon sa a avèk tout dokimantasyon yo mande ki nan Lis Verifikasyon Aplikasyon an. Aplikasyon an disponib
 - a. pou telechaje sou: www.boston.gov/adu-toolkit **oswa** lè ou rele nan 617.635.4663.
2. Yon Pwogram Manadjè pral kontakte aplikan ki kalifye yo pou travay avèk yo.
3. Pwopriyete kay la dwe resevwa apwobasyon preliminèr ISD anvan li soumèt yon aplikasyon.
4. Ou pral resevwa yon lèt enskripsyon ki di ou kalifye pou resevwa yon prè Vil la ap finance a 100%, oswa yon prè Vil la ap finance a 50% ki egzije yon kontrepati 1 dola pou 1 dola (1:1) avèk fon pa ou oswa fon labank pou reparasyon kay la.
5. Siyen dènye dokiman prè a pou prè difere a yon to enterè 0% epi resevwa yon lèt angajman ki sòti nan men Vil la.
6. Aprè kloti prè a, ou kapab kounye a siyen yon kontra avèk antreprenè ou te chwazi a. Antreprenè sa a pral jwenn yon pèmi konstwi nan men Depatman Sèvis Enspeksyon Vil la, epi pwojè ADU ou a kapab kòmanse.
7. Depi travay yo fini, kontakte Pwogram Manadjè ou a epi soumèt yon fakti final ki sòti nan men antreprenè a ak tout yon kopi pèmi siyen an ki montre yon apwobasyon final.
8. Yon Espesyalis Konstriksyon Sant Akèy Boston (Boston Home Center) pral fè yon dènye enspeksyon.
9. Yo pral voye pa lapòs chèk pou peman fon Vil la bay antreprenè a ou apre pwojè epi dènye enspeksyon an fèt.

Pou Plis Enfòmasyon, ale sou :
HomeCenter.Boston.gov
oswa rele 617.635.4663



City of Boston
Mayor Martin J. Walsh



INSPECTIONAL
SERVICES DEPARTMENT



boston planning &
development agency



The Mayor's Office of
HOUSING &
INNOVATION
LAB



NEIGHBORHOOD
DEVELOPMENT

